

## BAB III

### MÉTODE JEUNG TÉHNIK PANALUNGTIKAN

#### 3.1. Méthode Panalungtikan


Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Anapon léngkah-léngkah méthode déskriptif, nya éta:

- 1) ngaidéntifikasi masalah-masalah anu signifikan pikeun méréskeun masalah ngaliwatan méthode déskriptif;
- 2) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah;
- 3) nangtukeun tujuan jeung mangpaat panalungtikan;
- 4) ngayakeun studi pustaka anu aya patalina jeung masalah-masalah anu ditalungtik;
- 5) nangtukeun rangkey pikiran, patalékan, jeung hipotésis panalungtikan;
- 6) nyieun désain méthode panalungtikan, anu ngawengku nangtukeun populasi, sampel, téhnik sampling, nangtukeun instrumén, ngumpulkeun data, jeung nganalisis data;
- 7) ngumpulkeun, ngaorganisasikeun, jeung nganalisis data ngagunakan téhnik statistika anu saluyu; jeung
- 8) nyieun laporan panalungtikan.

Dumasar kana métode déskriptif di luhur, bisa digambarkeun bagan désain panalungtikan saperti ieu di handap.

**Bagan 3.1**

**Désain Panalungtikan**



## 3.2. Téhnik Panalungtikan

### 3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta studi dokuméntasi jeung téhnik analisis data anu aya dina novél *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M.

Teknik studi dokuméntasi, nya éta téhnik panalungtikan anu datana tinulis, contona catetan, transkrip, buku, jeung sajabana (Arikunto, 1997: 149). Ieu panalungtikan téh dipaké pikeun néangan data wanda déiksis nu aya dina novél *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M. Téhnik analisis téks digunakeun pikeun nganalisis wanda déiksis. Data ngeunaan wanda déiksis dicokot tina novél *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M.

Prosedur ngumpulkeun data ngagunakeun léngkah-léngkah ieu di handap:

- 1) Maca novél *Béntang Pasantrén*;
- 2) Nyirian kalimah-kalimah anu ngandung wanda déiksis;
- 3) Milihan kalimah anu geus dicirian; jeung
- 4) Nyalin sakabéh kalimah anu ngandung wanda déiksis kana kartu data, sakumaha anu geus disebutkeun dina bagian instrumén ngumpulkeun data.

### 3.2.2. Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data dikumpulkeun, tuluy éta data téh diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

- 1) Mariksa sakabéh data;
- 2) Ngadaftarkeun sakabéh data anu ngandung wanda déiksis sacara alfabétis;
- 3) Ngitung jumlah frékuénsi wanda déiksis;
- 4) Ngadéskripsikeun déiksis dumasar tipe, posisi, jeung acuannana; jeung
- 5) Nafsirkeun jeung nyindekeun mana baé anu kaasup déiksis dumasar tipe, posisi, jeung acuannana.

### 3.3. Sumber Data

Nu jadi sumber dina ieu panalungtikan, nya éta novél anu judulna *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M. Novél *Béntang Pasantrén* téh mangrupa salah sahiji novél anu dicitak dina taun 1983 (wedalan Pustaka Daséntra) jeung dina taun 2006 (PT Kiblat Buku Utama). Kandelna ieu novél téh aya 70 kaca. Ieu novél téh nyaritakeun ngeunaan rasa mikaasih antara hiji wanoja (sebut baé Endén) jeung hiji jajaka anu ngaranna Aéf di hiji pasantrén.

### 3.4. Instrumén Panalungtikan

Data anu baris dianalisis dina ieu panalungtikan, nya éta sakumna kalimah anu ngandung wanda déiksis anu kapanggih dina novél *Béntang Pasantrén*. Sangkan ieu panalungtikan gancang diréngsékeun, tangtuna ogé kudu aya instrumén anu dipaké pikeun ngaréngsékeun ieu panalungtikan téh, nya éta ngagunakeun instrumén kartu data. Ieu di handap dipidangkeun naon baé anu aya dina kartu data:

- 1) kalimah anu ngandung wanda déiksis;
- 2) nomor jeung kode disalinna kalimah;
- 3) unsur anu mangrupa déiksis dicondongkeun; jeung
- 4) wanda déiksis anu ngawengku tipe, posisi, jeung acuan déiksis.

Salian anu kasampak di luhur, dipidangkeun ogé conto kartu data jeung larapna dina wangun déiksis.

Conto kartu data:

Nomer	:	_____	
Kalimah	:	_____	( Novél/kaca)
Tipe	:	_____	
Posisi	:	_____	
Acuan	:	_____	

### Conto Kalimah Déiksis

Nomer	: 1
Kalimah	: nalingakeun palang cukang ti <i>tatadi</i> (BP/5)
Tipe	: déiksis éksoforis
Posisi	: persona
Acuan	: déiksis persona

### 3.5. Wangenan Operasional

Sangkan judul ieu panalungtikan gampang dipikaharti istilah-istilahna. Ku kituna, di dieu dijéntrékeun ngeunaan isitilah-istilah anu patali jeung judul panalungtikan:

- 1) Déiksis, mangrupa informasi konstéktual sacara léksikal boh gramatikal anu nuduhkeun kana hal anu tangtu, boh barang, tempat, atawa waktu. Déiksis ogé, bisa dihartikeun salaku hal atawa fungsi, anu nuduhkeun hiji hal di luar basa; kecap panunjuk pronominal, ketakrifan, jsté.
- 2) Wanda déiksis, nya éta rupa-rupa déiksis dumasar kana tipe, posisi, jeung acuan.
- 3) Bahan Pangajaran, nya éta matéri pangajaran anu di jerona ngawengku téks, sempalan novél, analisis, conto, jeung latihan.

Jadi, anu dimaksud wanda déiksis dina novél *Béntang Pasantrén* nya éta panalungtikan ngeunaan kecap atawa frase basa Sunda, anu

ngébréhkeun hiji omongan pikeun sesebutan (kecap gaganti), waktu, tempat, jeung sesebutan kahormatan dina novél *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M.

